

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kamampuh nulis siswa kacida pentingna pikeun atikan, utamana pikeun mekarkeun kaparigelan basa siswa dina pangajaran basa Sunda. Kaparigelan basa miboga opat aspék nyaéta ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan dina ngagunakeun pola-pola basa nu wangunna tinulis pikeun ngedalkeun hiji gagasan atawa pesen, Rusyana (1984, kc. 191). Kecap nulis asalna tina kecap “tulis” maké rarangkén hareup N-(nasal) nu miboga harti ngalakukeun, nulis sorangan miboga harti salah sahiji kagiatan nyieun acara atawa angka dina kertas (Sumantri, 1975). Nurutkeun Sudaryat (2012, kc. 99) nulis mangrupa kamampuh hiji jalma dina ngawasa basa, ngaliwatan tulisan nu di jerona ngébréhkeun basa hiji jalma, pikeun nepikeun ide, konsép, jeung gagasan nu ngandung ma’na. Kamampuh nulis ngabutuhkeun prosés tinulis anu hadé sangkan dina nepikeun informasi bisa gampang dipikaharti ku jalma réa. Nulis téh saenyana teu sagawayah, tapi dijamin kiwari siswa nulis ngan saukur pikeun nyumponan pancén wungkul, geus jarang siswa nu merhatikeun eusi tulisan ogé kurang merhatikeun stuktur kaédah kabasaan anu saluyu jeung nu ditulisna.

Sangkan siswa parigel dina nulis, bisa diasah ku cara latihan ngaliwatan matéri pangajaran warta. *Berita*, warta atawa béja mangrupa kecap atawa istilah nu teu bireuk dina kahirupan sapopoé, ogé dina matéri pangajaran basa Sunda. Warta nurutkeun Semi (dina Novalia, 2017, kc. 111) nyaéta carita atawa laporan ngeunaan hiji kajadian dumasar fakta nu anyar jeung miboga sifat nu luar biasa atawa ngirut. Sarat hiji kajadian nu bisa dijadikeun warta nyaéta mangrupa hiji kajadian anyar nu lumangsung harita kénéh jeung miboga eusi nu bisa ngareuwaskeun jeung nyieun rasa kapanasaran jalma réa, sarta kajadian éta téh lain kajadian nu sering kaalaman atawa natural, tapina warta nu dituliskeun téh mangrupa warta disaluareun kabiasaan jeung teu kaimpleng (praduga).

Dina prak-prakanana mah warta téh dijieunna dina wangun tinulis, nu di

tepikeun sacara lisan ogé angger dasarna tina wangun tinulis. Kecap warta atawa *berita* asalna tina basa Sansekerta “*viritta*” nu hartina béja ngeunaan hiji kajadian atawa hal nu keur kajadian. Istilah warta sok dipaké dina jurnalistik pikeun ngalaporkeun kajadian nu keur atawa eunggeus lumangsung, Haerudin, spk. (2017, kc. 84).

Saluyu jeung Kurikulum 2013 Revisi 2017 tingkat SMA kelas XI nu di jerona nyebutkeun yén siswa diperedih bisa nulis, utama nulis warta dumasar Kompetensi Dasar (KD) “4.5 *Menyusun teks berita berdasarkan pengamatan atau hasil wawancara sesuai dengan struktur atau kaidah kebahasaan*”. Ku kituna, siswa kudu bisa nulis warta, tapi dina pangajaran nulis warta, umumna siswa acan bisa ngabédakeun aksara vokal *é*, *e* jeung *eu*, stuktur kalimah nu acak-acakan teu merhatikeun kaédah kabasaan dina tulisanna, ogé unsur-unsur nu sakuduna aya dina warta teu lengkep dumasar 5W+1H. Saperti ieu conto warta anu di tulis ku salah saurang siswa kelas XI di salah sahiji SMA/SMK/MA/MAK di Kota Bandung, “*Wilujeung enjing pamiarsa sadayana sim kuring bade ngabacakeun warta ngeunaan kamacetan di jalan tol, kabeh warga nu ayeuna hayang ulin mendingan tong indit heula sabab di jalan tol keur maracet pisan ti isuk pukul 08.00 nepi ka pukul 12.00 ieu masih keneh macet. Sakieu berita nu bisa abdi uarkeun ka warga masarakat. Hatur nuhun*”. Aya sababara faktor nu ngabalukarkeun karandapanna éta masalah, salah sahijina kurangna kamampuh siswa dina nulis téks warta, siswa can bisa ngébréhkeun eusi pikiranna ngaliwatan tinulis jeung guru nu kurang kréatif dina nepikeun pangajaran ngajadikeun siswa kurang sumanget dina prosés diajar. Pikeun nungkulan éta masalah ku ayana modél-modél pangajaran bisa ngabantuan guru pikeun ngokolakeun pangajaran ngaliwatan modél pangajaran nu cocog pikeun siswa.

Nurutkeun Kemp, jeung Carey (dina Rusman, 2012, kc. 132) modél pangajaran téh nyaéta hiji pakakas matéri jeung prosedur pangajaran nu digunakeun sacara babarengan pikeun menangkeun hasil diajar siswa atawa peserta didik. Ahli séjénna, Suprijono (2009, kc. 65) nétélakeun yén modél pangajaran nyaéta pola nu dipaké minangka pedoman dina ngararancang pangajaran di kelas atawa tutorial. Boud jeung Fareti (dina Rusman, 2012, kc. 230) nétélakeun yén *Problem Based*

Learning (PBL) nyaéta inovasi nu pang signifikanana dina pangajaran. Magetson dina Rusman (2012, kc. 230) ogé nétélakeun yén modél PBL bisa mantuan ningkatkeun kamekaran kaparigelan diajar ngeunaan pola pikir nu terbuka, réfléktif, kritis jeung aktif. Ayana modél pangajaran PBL bisa jadi prosés pangajaran nu dilarapkeun di kelas sangkan guru bisa ngahontal tujuan pangajaran kalayan tinimbang nu tangtu.

Pikeun ngahontal kaparigelan basa utamana nulis, sangkan siswa bisa ngahontal udagan pangajaran nu dipiharep, guru bisa ngagunakeun modél pangajaran PBL pikeun alternaif dina prosés pangajaran nulis téks warta sangkan siswa bisa leuwih kairut nalika diajar, ogé bisa ngalatih kaparigelan nulis siswa. Sabab dina modél PBL ngawengku sababara kaonjoyan nu bisa diterapkeun ku siswa, diantaranya kaonjoyan modél pangajaran PBL salah sahijina nyaéta ngaliwatan pangajaran PBL siswa dibéré kasempetan pikeun nerapkeun pangaweruh nu dipikanyaho ku siswa ngaliwatan dunya nyata nu saluyu jeung karakteristik nulis warta dumasar kanyataan nu émpiris. Modél pangajaran PBL mangrupa salah sahiji modél anu dilakukeun ngaliwatan pangajaran dumasar masalah atawa matotoskeun masalah. Hal ieu bisa ngirut siswa sangkan siswa teu ngarasa bosen ku cara ngajar guru anu monoton. Nurutkeun Syukri, spk. (2017, kc. 3) nétélakeun yén PBL téh mangrupa modél pangajaran nu méré kasempetan ka peserta didik pikeun ngagali pangalaman oténtik nepi ka bisa méré dorongan aktif diajar, ngakontruksi pangaweruh jeung ngaintegrasikeun kontéks diajar di sakola jeung kahirupan nyata sacara ilmiah.

Aya ogé ulikan nu medar ngeunaan inovasi tina kamekaran PBL anu bisa di larapkeun nalika aya dina kondisi kiwari nu keur karandapan ku masalah pandemic covid-19. PBL méré jalan kaluar pikeun nungkulanna ngaliwatan inovasi pikeun ningkatkeun kamampuh meunangkeun informasi nu valid jeung *reliable* ogé ngagampangkeun prosés komunikasi antara siswa jeung guru ngaliwatan hiji téknologi pangajaran atawa *e-learning* ngagunakeun *problem solving* nu disebut *e-Problem Based Learning* (*e-PBL*) (Murniati & Hermawan, 2018). Nurutkeun Borrows jeung Myers (dina Murniati & Hermawan, 2018, kc.2) nétélakeun yén modél pangajaran *e-PBL* dimimitian ku masalah nu praktis jeung teu ngaruntuy nu

nempatkeun cara matotoskeun masalah jeung pangajaran koopratif sacara mandiri ngaliwatan online atawa daring (dalam jaringan). Ieu hal bisa jadi alternatif pikeun nungkulan masalah ngeunaan kaayaan nalika prosés panalungtikan kudu dilaksanakeun sacara online atawa daring.

Aya sababaraha panalungtikan nu geus dilaksanakeun saluyu jeung palalungtikan nu bakal dipedar dina ieu panalungtikan salah sahijina nyaéta Gina Oktaviana (2015) nu judulna “*Modél Picture Word Inductive Dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Negeri 3 Ciamis Taun Ajar 2018/2019)*” jeung, Nuke Virginia (2016) nu judulna “*Modél Pangajaran Problem Based Learning Dina Pangajaran Nulis Laporan Peristiwa (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajar 2019/2020)*” nu hasilna nyebutkeun yén aya béda nu signifikan antara saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran PBL.

Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun medar kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran PBL. Ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngabuktikeun kaéfektifan ngagunakeun modél pangajaran PBL pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dibéré judul “*Modél Pangajaran Problem Based Learning pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Warta (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021)*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah nu diguar dina kasang tukang, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah panaya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021?
- b. Kumaha kamampuh nulis warta sanggeus ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021?

- c. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung sacara husus saluyu jeung masalah-masalah anu geus dirumuskeun.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan pikeun mikanyaho pangaruh Modél pangajaran PBL kana tingkat kamampuh siswa dina nulis warta, nganalisis unsur-unsur nu aya dina warta, ngagunakeun struktur kalimah jeung kabasaan nu saluyu dina nulis warta.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021,
- b. kamampuh nulis warta sanggeus ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021,
- c. bédana kamampuh nulis warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu baris dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis nu bisa dicangking nyaéta pikeun maluruh informasi ngeunaan modél pangajaran PBL, méré pangaweruh ngeunaan warta, ogé bisa

ngaronjatkeun kaparigelan nulis siswa ngaliwatan pangajaran nulis warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya ogé mangpaat sacara praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. pikeun siswa, ku ayana modél PBL dina pangajaran nulis warta, dipiharep siswa bisa maham kana matéri pangajaran, ogé leuwih parigel dina nulis warta ku saluyu jeung unsur kaédah kabasaan ku cara matotoskeun masalah dina kahéngkeran nulis warta.
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi conto pikeun guru sangkan leuwih parigel dina nepikeun matéri jeung bisa mékarkeun modél pangajaran sangkan ngirut siswa leuwih sumanget diajar basa Sunda.
- c. pikeun panalungtik, panalungtik bisa mikanyaho éféktif henteuna ngagunakeun modél pangajaran PBL pikeun ngaronjatkeun kamampun nulis téks warta siswa dina prosés pangajaran warta.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, saperti ieu di handap.

BAB 1 Bubuka, nu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat praktis panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Ulikan Pustaka eusina ngeunaan modél pangajaran nu ngaguar wangenan, ciri-ciri jeung mangpaat. Modél pangajaran PBL nu medar ngeunaan wangenan, léngkah-léngkah, kaonjoyan jeung kahéngkérana. Tiori nulis nu eusina medar wangenan nulis, fungsi jeung udagan nulis, mangpaat nulis, jeung rupa-rupa tulisan. Tiori ngeunaan warta nu ngaguar ngeunaan wangenan warta, wanda warta, unsur-unsur warta, sipat warta, ajén-ajén warta, struktur warta, téhnik nulis warta jeung basa tulis dina warta. Pangajaran nulis warta dina Kurikulum 2013 revisi 2017, ogé modél pangajaran PBL dina pangajaran nulis warta.

BAB III Méthode Panalungtikan, nu ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik

ngumpulkeun data, téhnik analisis data nu eusina medar ngeunaan uji sipat data jeung uji hipotésis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngawengku kamampuh nulis warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saméméh ngagunakeun Modél *Problem Based Learning*, kamampuh nulis warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 sanggeus ngagunakeun Modél *Problem Based Learning*, bédana kamampuh nulis warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél *Problem Based Learning*, jeung pedaran hasil panalungtikan.

BAB V Panutup, ngaweungku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi tina panalungtikan, jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

